



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.3 MILYON DOLA NAN SÈVIS SIPÒ KONT ADIKSYON

Finansman pou etabli kat kowalisyon pou prevansyon nan Vil New York; amelyore sèvis transpò pou tretman nan Rejyon Lwès New York ak Rejyon Finger Lakes

Sibvansyon pou konstwi sou swen kontini kont adiksyon Eta New York la ki alatèt peyi a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 2.3 milyon dola pou sipòte efò prevansyon kont adiksyon ak amelyore aksè ak sèvis transpò pou tretman. Jere pa Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), finansman an pral ede etabli kat kowalisyon prevansyon nan Vil New York epi amelyore sèvis transpò ki pa medikal pou moun ki gen difikilte pou jwenn tretman pou adiksyon nan Lwès New York ak nan Finger Lakes.

"Abòde adiksyon nan New York mande pou yon apwòch kowòdone nan tout eta a pou bay moun yo èd ke yo bezwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede pi byen angaje kominote vilnerab yo nan Vil New York, pandan y ap bay transpò pou moun ki otreman pa t ap kapab jwenn aksè ak tretman nan rejyon Lwès New York ak Finger Lakes - pou sipòte sèvis tretman kont adiksyon ki alatèt nan peyi a."

Finansman an pral bay yon total 1.8 milyon dola pou etabli kat kowalisyon pou prevansyon adiksyon ki baze nan Vil New York pou pi byen angaje popilasyon vilnerab yo ak kominote izole yo nan devlope ak mete ann aplikasyon chanjman anviwònmanal ak estrateji prevansyon yo. Kowalisyon yo pral devlope inisyativ pou prevansyon ki apwopriye ak adapte kiltirèlman pou kominote ak popilasyon defavorize yo.

Pwogram Prevansyon kont Abi Dwòg (Drug Abuse Prevention Program) Achidyosèz New York la nan Konte Bronx, CAMBA Inc. nan Konte Kings, Elmcór Youth & Adult Activities, Inc. nan Konte Queens ak Staten Island Partnership for Community Wellness, Inc. (Patenarya pou Byennèt Kominotè nan Staten Island) nan Konte Richmond yo chak pral chak resevwa 450,000 dola sou twa ane pou etabli yon kowalisyon pou

prevansyon. Yo te bay finansman pou sibvansyon yo atravè Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman kont Abi Sibstans federal la.

Anplis de sa, inisyativ la pral bay anviwon 500,000 dola nan finansman eta a yon pè pwogram pilòt ki vize pou amelyore sèvis transpò pou moun ki nan tretman aktif oswa nan rekiperasyon, men ki manke resous pou vwayaje ale nan sèvis sa yo. Genesee Council on Alcoholism and Substance Abuse, Inc. (Konsèy sou Alkòl ak Abi Sibstans nan Genesee) nan Rejyon Finger Lakes pral resevwa 249,900 dola epi Save the Michaels of the World nan Rejyon Lwès New York la pral resevwa 250,000 dola.

Prim yo pral finanse plizyè bezwen transpò, tankou aktivite lwazi ki kapab ogmante koneksyon sosyal oswa byennèt emosyonèl; sipò pou rekiperasyon; entèraksyon ant kamarad; gwoup sipò mityèl fòmèl oswa enfòmèl tankou Fòmasyon sou Oto-Jesyon ak Rekiperasyon (Self-Management and Recovery Training, SMART) ak reyinyon Alkolik Anonim oswa Nakotik Anonim; ak transpò nan direksyon sèvis tretman oswa rediksyon domaj oswa kay founisè sèvis yo. Done ak enfòmasyon ki soti nan pwogram sa a pral gide plis ekspansyon sèvis transpò sa yo atravè eta a.

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Rankontre moun kèlkeswa kote yo ye epi asire aksè konplè ak diferan kalite èd se youn nan pilye travay nou an. Avèk finansman sa a pou amelyore prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak sipò pou rekiperasyon atravè Eta New York, n ap bay moun yo plis opsyon pou jwenn sèvis yo bezwen, epi mwen pa ka tann anpil avantaj nouvo pwogram sa yo pral pote."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Chak jou, nou pèdi plis pwòch nou ak maladi adiksyon an. Malgre epidemi dòz eksèsif nasyon nou an ap vin pi grav, aksè ak tretman ki kapab sove lavi toujou pa rive jwenn Ameriken ki pi bezwen li yo. Pandan plizyè ane, mwen te travay pou amelyore ak elaji aksè ak tretman an, ki gen ladann atravè Lwa sou Entegrasyon Tretman Adiksyon mwen an epi pou ogmante finansman federal pou Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman kont Abi Sibstans lan, ki bay finansman enpòtan pou prevansyon, rekiperasyon ak tretman. Mwen rekonesan anè tout moun ke lidèchip ak defans san fay yo kontinye bay espwa ak yon chemen pou pi devan pou moun ki gen difikilte yo."

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi ovèdòz la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ki alatèt peyi a avèk sèvis konplè pou prevansyon, tretman, rekiperasyon ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè ak sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, agrandi

sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedyà. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou eta a epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè ak swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo ki gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov). Si ou menm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP lan pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)